# BAS MAQALA

## ЖОҚАРЫ МАҒЛЫЎМАТЛЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ТАЯРЛАЎ – ЕЛИМИЗ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ТИЙКАРЫ

**Б.Отемуратов** - *ректор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Глобалласыў процесинде жоқары мағлыўматлы заманагөй педагог кадрларды таярлаў елимиздиң жәмийетлик-сиясий ҳәм социаллық турмысын раўажландырыўдың тийкары болып есапланады.

Елимизде жоқары билимлендириў системасын түпкиликли реформалаў мақсетинде ҳүрметли президентимиз Шавкат Мирзиёев тәрепинен әмелге асырылып атырған жумыслар мәмлекетимизди раўажланған еллер қатарына қосыў ҳәм халықтың абадан турмысын тәмийинлеў жолында тасланып атырған үлкен қәдемлердиң бири. Усы мақсетте 2017-2021-жылларда жоқары билимлендириў системасын түпкиликли жетилистириў бағдарламасы ислеп шығылды.

Қарақалпақстанда жоқары мағлыўматлы педагог кадрларды таярлаўда елимиздеги тарийхы ең бай жоқары оқыў орынларының бири есапланған Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының орны айрықша. 1934-жылы Төрткүл қаласында өз жумысын баслаған институтымыз көп жыллардан берли Қарақалпақстан, Өзбекстан ҳәм қоңсылас мәмлекетлердиң халық билимлендириў тараўы ушын кадрлар таярлап келмекте.

Ҳәзирги ўақытта институтымызда бакалаврда 23, магистратурада 14 қәнигеликте кадрлар таярланбақта.

Бүгинги күнде институтымыздың материаллық-техникалық базасын беккемлеў, заманагөй оқыў иморатын қурыў бойынша әмелий жумыслар жолға қойылды. Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 20-апрельдеги «Жоқары билимлендириў системасын және де раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы қарары тийкарында институтымыздың 200 орынлық жаңа оқыў имараты, мәлимлеме-ресурс орайы ҳәм 720 орынлық 4 үлкен аудиториясының қурылыс жумыслары жедел пәтлерде алып барылмақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев тәрепинен жоқары билим бериў системасын реформалаў мақсетинде ҳәр бир жоқары оқыў орны алдына жаңаша талаплар қойылмақта. Соның ишинде, оғада әҳмийетлилериниң бири сыпатында ҳәр бир мәмлекетлик жоқары оқыў орны дүнья жүзинде үлкен абырайға ийе болған сырт ел жоқары оқыў орынлары менен өз ара бирге ислесиў жумысларын жолға қойыў, билимлендириў системасына халық аралық стандартлар тийкарында жаратылған оқыўлық әдебиятларды енгизиў, билимлендириў технологияларын, соның менен бирге, ҳәр бир профессор-оқытыўшының билим және көнликпелерин жетилистириўге айрықша итибар берилмекте.

Президентимиздиң 2018-жыл 5-июньдеги «Жоқары билимлендириў мәкемелеринде билимлендириўдиң сапасын арттырыў ҳәм олардың елимизде әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалардағы белсене қатнасын тәмийинлеў бойынша қосымша илажлар ҳаққында»ғы қарарында белгилеп берилген ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде институтымыз ҳәм көплеген сырт ел жоқары оқыў орынлары арасында бирге ислесиў жолға қойылды.

Институтымыз Япония, Англия, Қубла Корея, Белоруссия, Россия сыяқлы дүньяның жетекши мәмлекетлериндеги 50ге шамалас жоқары оқыў орынлары менен турақлы бирге ислесип келмекте.

Бул жоқары оқыў орынлары менен 5 жылға арналған илимий изертлеў жумыслары, билимлендириў ҳәм қәнигелигин жетилистириў бағдарындағы шәртнамаға муўапық, «Exchange» ҳәм PhD бағдарламалары бойынша 50 ге шамалас ҳәр қыйлы илажлар әмелге асырылды.

Быйылғы жылы институтымыздың 50 ден аслам профессор-оқытыўшылары ҳәм студентлери халық аралық семинарлар ҳәм таңлаўларда белсене қатнасты ҳәм 10 нан аслам гран-при жеңимпазлары шықты. Быйылғы 2018-2019-оқыў жылында 50 ден аслам сырт елли профессор-оқытыўшылардың институтымыз студентлерине сабақ бериўи жобаластырылып, усы күнге шекем Японияның Цукува университети, Россия Илимлер Академиясы, Москва қалалық педагогикалық университети, Москва педагогикалық мәмлекетлик университети сыяқлы абырайлы жоқары оқыў орынлары ҳәм илимий изертлеў орайларының профессорлары институтымыз студентлерине лекция сабақларын өтти.

Соны айрықша атап өтиў керек, институтымыз тек ғана сырт ел жоқары оқыў орынлары менен бирге ислесип қалмастан, ҳәр қыйлы жәмийетлик шөлкемлер менен беккем байланыслар орнатты. Корея Республикасының KOICA, Японияның JIKA халық аралық шөлкемлери менен орнатылған байланыслар нәтийжесинде Қарақалпақстанда биринши мәрте кореец ҳәм япон тиллерин үйретиў жолға қойылды.

Институтымыздың мәлимлеме-ресурс орайы елимиздеги ең бай китап фондына ийе китапханалардың бири болып табылады. Мәлимлеме-ресурс орайының улыўмалық китап фонды 135 мыңға шамалас китаптан ибарат. Сондай-ақ, орайдың сырт ел мәлимлеме-китапхана

ресурслары менен ислесиў бөлиминде Scopus, Science Direct халық аралық мағлыўматлар базасынан пайдаланыў жақсы жолға қойылған.

Профессор-оқытыўшыларымыздың заманагөй билим ҳәм көнликпелерге ийе халық билимлендириў тараўы хызметкерлерин таярлаўдағы нәтийжели хызметлери ҳүкиметимиз тәрепинен мүнәсип хошаметленбекте. Быйылғы оқыў жылында институтымыз профессоры Ө.Әлеўовка Президентимиз пәрманы тийкарында «Фидокорона хизматлари учун» ордени, профессор К.Алламбергеновка «Қарақалпақстан халық жазыўшысы», профессор Я.Абдуллаеваға «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери» ҳүрметли атақлары, сондай-ақ, институтымыздың 11 профессор-оқытыўшысына «Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы» атақларының берилгени бул тийкарда алып барылып атырған әмелий жумыслардың көриниси болып табылады.

Институтымыз студентлери жаратылған шараятлардан нәтийжели пайдаланып, республикалық ҳәм халық аралық көлемде өткерилип атырған ҳәр қыйлы таңлаўлар ҳәм жарысларда сыйлы орынларды ийелеп келмекте. Быйылғы оқыў жылында институтымыздың 4 студенти Өзбекстан көлеминде өткерилген мәмлекетлик стипендиялар таңлаўында жеңимпазлықты қолға киргизген болса, спорт тараўында волейбол бойынша институтымыз қызлар сайланды командасы 2018-жылдың сентябрь айында болып өткен Өзбекстан суперкубогында абсолют жеңимпазлықты қолға киргизди. Сондай-ақ, дене мәденияты факультети студенти Набира Есенбаева сентябрь айында Словакияда еркин гүрес бойынша жаслар арасында өткерилген жәҳән чемпионатында 2-орынды ийелеп, Өзбекстан ҳаял-қызлар спорты тарийхына кирди.

Президентимиз билимлендириў тараўына үлкен итибар қаратып, республикамыздың ҳәр бир орынларына болған сапарларында усы бағдарда әмелге асырылып атырған жумыслар менен турақлы түрде танысып бармақта.

Быйылғы оқыў жылының 15-16-ноябрь күнлери Президентимиздиң Қарақалпақстанға сапары елимиздиң жәмийетлик турмысында, соның мене бирге, барлық тараўларда түпкиликли өзгерислер және жаңаланыўларға қарай жол ашты. Атап айтқанда, бир ғана билимлендириў тараўын мысал етип алсақ, Президентимиздиң өзи қала ҳәм районларда дүньяның раўажланған мәмлекетлери үлгисиндегидей етип қурылған мектепке шекемги билимлендириў мәкемелерин барып көрди ҳәм усы бағдардағы жумысларды кейинги жылларда да избе-из түрде даўам еттирип, 2019-жылы Қарақалпақстан бойынша мектепке шекемги билимлендириў мәкемелериниң кишкене балаларымызды қамтып алыў дәрежесин 64% ке жеткериў бойынша тийисли тапсырмалар берди.

Соны айрықша атап өтиў керек, мәмлекетимиз басшысы жоқары билимлендириў системасына айрықша итибар қаратып, усы оқыў жылдың өзинде Мойнақ районында жасайтуғын жаслардың 50 ин, соның ишинде 25 ин педагогика бағдары бойынша, 25 ин медицина бағдары бойынша мәмлекетлик грант тийкарында жоқары оқыў орынларында оқытыў бойынша берилген тапсырмасы тийкарында әмелий жумыслар алып барылып, 25 студенттиң декабрь айынан баслап институтымызда оқытыў жолға қойылмақта. Бул ҳәрекетлердиң барлығы елимиздиң ең арқа аймағы есапланған Мойнақ районында билимлендириў системасын раўажландырыўға берилип атырған итибар ҳәм ғамқорлықтың айқын көриниси есапланады.

Институтымызда келешек ийелери болған жасларға жоқары билим бериў ҳәм оларды мәмлекетимиз раўажланыўына үлес қосатуғын әўладлар етип тәрбиялаўда алдымызға қойып атырған жобаларымыз көп. Солардың бири сыпатында институтымыз мәлимлеме-ресурс орайының сырт еллердеги бай китап фондына ҳәм үлкен абырайға ийе болған китапханалар менен байланысларын орнатыў ҳәм бул арқалы жасларды китап оқыў, тил үйрениў ҳәм илим жолынан барыўға тартыўды мақсет еткенбиз. Сондай-ақ, китаплар фондымызды көбейтиў мақсетинде республикамыздағы жетекши китап баспалары менен шәртнамалар дүзилип, әмелий жумыслар басланбақта. Институтымыздың жәмийетшилик пенен байланысларын беккемлеў ҳәм халық арасына еле де тереӊ кирип барыўын тәмийинлеў мақсетинде медиаорай ашыўды жобаластырып отырмыз. Институтымыз профессор-оқытыўшыларының илимий потенциалын арттырыў мақсетинде илимий изертлеў жумысларын сырт ел жоқары оқыў орынларында алып барыў бойынша да тасланып атырған дәслепки қәдемлеримиз нәтийжели болыўына исенемиз. Және де институтымыз профессор-оқытыўшылары ҳәм студент-жаслары тәрепинен алға сүрилип атырған инновациялық идея және жойбарларын қоллап-қуўатлап, әмелиятқа енгизиў - тийкарғы мақсетлеримиздиң бири.

Жоқары билимли, маман педагог кадрлар таярлаўда алдымызға қойған мақсетлерге ерисиўимиз ушын барлық мүмкиншиликлер бар. Биз бул жолда нық қәдемлер таслап, мәмлекетимиздиң гүллеп-жаснаўына өз үлесимизди қосыў ушын усы имканиятлардан нәтийжели пайдаланыўды баслы мақсет еткенбиз.